



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**POU ONORE JOUNEN VETERAN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON  
POU REKONÈT NOUYÒKÈ KI TE SÈVI PEYI NOU AN AVÈK DISTENKSYON**

***S.6898A/A.5039A deziyen Otowout Memoryal Majò Jeneral Norbert J. Rappi***

***S.4900A/A.5261A deziyen Otowout Memoryal Sèjan Elijah A. Briggs***

***S.4899A/A.5314A deziyen Otowout Memoryal Chèf Daniel Nimham***

***S.4897A/A.5315A deziyen Otowout Memoryal Kaporal Franklin Brinckerhoff***

***S.7070/A.7415 deziyen Otowout Memoryal SP4 George Harold Fry***

***S.2905/A.4033 deziyen Pon Memoryal Kaporal Ranplasan Scott Lee Schultz***

***S.6579A/A.6624A deziyen Pon Memoryal Espesyalis Gerald B. Penn***

***S.6580/A.6567 deziyen Pon Memoryal Espesyalis Peter J. Loretto, Jr.***

***S.4085A/A.5814A deziyen Otowout Memoryal Veteran John Jay High School***

***S.5834/A.5673 deziyen Otowout Memoryal Veteran Lagè Katolik***

***S.5394A/A.119A etabli Meday Komemoratif Lagè Irak***

***S.5372A/A.121A etabli Meday Komemoratif Lagè Afganistan***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon pou komemore sèvis veteran yo atravè eta a nan renonmen kèk pati nan sistèm otowout Eta New York la pou onore yo. Gouvènè Hochul te siyen tou de pati nan lejislasyon an ki etabli meday komemoratif yo; youn pou Lagè Irak la ak lòt la pou Lagè Afganistan an.

"Veteran nou yo te sèvi ak onè epi dedikasyon ak nouvo komemorasyon yo pral sèvi pou ranfòse eritaj yo ak asire nou toujou sonje sakrifis yo te fè pou pwoteje libète nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Espwa mwen sè ke Nouyòkè yo ap reflechi ak sakrifis sa

yo chak fwa yo travèse youn nan wout sa yo pou ewo sa yo ka kontinye viv pou plizyè ane alavni".

Lejislasyon S.6898A/A.5039A deziyen yon pati nan Sistèm Otowout Eta a nan Vil Irondequoit, Konte Monroe, kòm Otowout Memoryal Majò Jeneral Norbert J. Rappl. Majò Jeneral Rappl te yon veteran Lagè Koreyen ak yon rezidan pèmanan Irondequoit.

**Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare,** "Majò Jeneral Norbert J. Rappl te gen yon enpak dirab sou Zòn Greater Rochester—atravè 35 ane karyè li nan Fòs Lame yo, angajman li pou lafwa ak kominote esprityèl li, ak atravè volontè regilye avèk òganizasyon lokal yo ak gwoup veteran yo. Aksyon li yo senbolize pi bon nan sa nou ka ye lè sèvis nan kominote, eta ak peyi nou motive nou. Mwen onore dèske m te kapab travay ansanm ak Gouvènè Hochul, Manm Asanble Sarah Clark ak lòt patnè yo nan gouvènman an pou asire eritaj Majò Jeneral Rappl resevwa onè nan reyon nou an".

**Manm Asanble Sarah Clark te deklare,** "Majò Jeneral Norbert Rappl te dedye lavi li ak fanmi, peyi ak kominote li. Eritaj li evidan nan tout zòn gran Rochester a, antanke manm fondatè Rotary Club nan Irondequoit, manm fondatè Christ the King Church, ansanm ak plizyè dizèn ane sèvis li bay veteran, òganizasyon sèvis ak gwoup endistriyèl yo. Antanke kòmandan jeneral 98yèm divizyon rezèv Lame Ameriken pandan plizyè ane, li te ede fòme plizyè milye sòlda ki te baze nan Rochester. Mwen fyè pou m entwodui lejislasyon ki dedye pati sa NY-590 kòm Otowout Memoryal Majò Jeneral Norbert J. Rappl. Nou ka asire non ak eritaj li pral salye pou toujou rezidan ak vizitè yo pandan y ap antre nan vil natal Irondequoit li renmen an".

S.4900A/A.5261A renonmen yon pati nan Wout Eta 9 nan Vil Fishkill, Konte Dutchess, kòm Otowout Memoryal Sèjan Elijah A. Briggs. Sèjan Briggs te bagay pou Lame Inyon an pandan Lagè Sivil la epi te resevwa Meday Onè Kongrè a apre li te blese nan sèvis. Sèjan Briggs te leve fanmi li nan Fishkill apre li te libere ak onè.

S.4897A/A.5315 renonmen yon pati nan Wout 82 nan Vil Fishkill, Konte Dutchess, kòm Otowout Memoryal Kaporal Derick Franklin Brinckerhoff. Kaporal Brinckerhoff te yon rezidan Fishkill lè li te enskri nan Kò Marin an 1948. An 1950, pandan Lagè Kore a, yo te touye li nan batay Pusan an. Kaporal Brinckerhoff te apresya resevwa rekonpans Purple Heart pou sakrifis li.

S.4899A/A.5314A deziyen yon pati nan Wout 52 nan Vil Fishkill, Konte Dutchess, kòm Otowout Memoryal Chèf Daniel Nimham. Chèf Nimham te chèf pèp Wappinger epi te rejwenn kòz Ameriken an pandan Revolisyon Ameriken an. Yo te touye chèf Nimham an aksyon.

**Senatè Eta, Rob Rolison, te deklare,** "Sa a se yon jounen fyète pou pèp Fishkill ak tout kominote Hudson Valley a. Yon pitit gason natif natal, gayan Purple Heart, ak ewo lagè pral konsakre pou apresyasyon, respè ak emilasyon jenerasyon alavni yo. Kaporal Brinckerhoff te sèvi peyi li avèk pi gwo onè ak kouraj. Malgre nou p ap ka janm rive onore totalman sakrifis li, ni sakrifis tou veteren brav nou yo, nou ka kontinye rekonèt

eritaj yo. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul paske li ede nou fè sa ki jis lè li siyen lejislasyon sa a jodi a."

S.7070/A.7415 deziyen yon pati nan Wout 63 nan Vil Pavilion, Konte Genesee, kòm Otowout Memoryal SP4 George Harold Fry. Espesyalis Four Fry te sèvi nan Lame Ameriken nan Vyetnam. SP4 Fry te mouri an 1969 sou Kolin 996 pandan li t ap reyalize fonksyon nan biwo transmisyon radyo ki te sove lavi anpil lòt manm nan inite li a. Pou sèvis li, yo te rekonpanse l apre lanmò l avèk Meday Etwal Ajan ak Bwonz.

**Senatè Eta George M. Borrello te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a ak Manm Asanble Steve Hawley paske yo te sipòte pwojè lwa a pou onore Espesyalis Fry. Li enpòtan pou nou sonje valè ak sèvis gason ak fanm brav yo ki sakrifye lavi yo pou libète nou. Espesyalis Fry te yon veteran konba dekore ki te bay lavi l pou sèvi peyi li. Kounye a, wout sa a ke li te vwayaje l anpil fwa, pral sèvi kòm yon rapèl pou tout moun ki itilize l ke libète pa yon bagay gratis. Li garanti gras a atitid altwis ak brav moun tankou Espesyalis Fry".

**Manm Asanble Lejislativ la, Steve Hawley, te deklare,** "Kòm yon veteran Lame ak manm Komite Afè Veteran yo, mwen te onore pou m sipòte pwopozisyon sa a ki rekonèt youn nan Espesyalis ki pi vanyan nan Lwès New York la, George Harold Fry. Li apwopriye pou nou komemore otowout sa a an menm tan n ap sonje moun ki te sèvi nan Jounen Veteran an. Pou jenerasyon alavni yo, Otowout Memoryal SP4 George Harold Fry la pral reprezante yon temwayaj ewoyis ak angajman Espesyalis Fry anvè peyi li ak libète".

S.2905/A.4033 deziyen pon sou Wout 22 ki travèse anlè Interstate 87 nan Vil Chesterfield, Konte Essex, kòm Pon Memoryal Kaporal Ranplasan Scott Lee Schultz

S.6579A/A.6624A deziyen yon pati nan Wout 219 ki travèse anlè Shero Road nan Vil Boston, Konte Erie, kòm Pon Memoryal Espesyalis Gerald B. Penn. Espesyalis Penn te sèvi nan Lame Ameriken pandan Lagè Vyetnam nan epi li te genyen Meday Sèvis Defans Nasyonal la, Meday Sèvis Vyetnam avèk Etwal Bwonz, ak Meday Kanpay Vyetnam.

S.6580/A.6567 deziyen Pon sou Wout 75 ki travèse anlè Eighteen Mile Creek nan Vil Eden, Konte Erie, kòm Pon Memoryal Espesyalis Peter J. Loretto Jr. Espesyalis Loretto te sèvi nan Lame Ameriken pandan Lagè Vyetnam nan epi li te genyen Meday Sèvis Defans Nasyonal la.

**Patrick Gallivan, ki se Senatè Eta, te deklare,** "Espesyalis Penn ak Espesyalis Loretto te sèvi peyi yo ak kouraj nan Vyetnam. Deziyen pon otowout sa yo pou rann omaj ak veteran dekore sa yo epi pral ede asire nou pa janm bliye sèvis ak sakrifis yo".

S.4085A/A.5814A renonmen yon pati nan Wout Eta 121 nan Vil Lewisboro, Konte Westchester, kòm Otowout Memoryal John High School pou onore elèvv John Jay High School yo ki te pèdi lavi yo nan sèvi peyi nou: Sòlda Premye Klas Kenneth Richard

Jaconetti, Lyetnan Kòmandan George Russell Matthews, Sòlda Premye Klas Philip Grant Chipchase, Kaporal Ranplasan Howard J. Alaimo, Kaporal James J. Jackowski, ak Kaporal Bert D. Corcoran.

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen lejislasyon sa a. Deziyen yon seksyon nan Wout 121 nan Vil Lewisboro kòm 'Otowout Memoryal Veteran John Jay High School' se te yon efò nan tout kominote a pou asire ke n ap toujou sonje sis ansyen elèv ki te mouri pandan y ap sèvi peyi nou an. Se yon rapèl tou sou sakrifis manm fòs lame nou yo ak fanmi yo ak moun yo renmen yo fè. Nou toujou pi bon lè nou komemore kouraj ak ewoyis veteran nou yo, paske nou konnen kouraj yo ak zèv yo kanpe kòm yon egzanp pèmanan pou nou tout".

**Manm Asanble Chris Burdick, te deklare,** "Nou pa janm ka eksprime totalman rekonesans nou anvè ansyen elèv John Jay High School ki te mouri nan sèvis pou peyi nou an, men avèk chanjman non wout sa a, n ap asire souvni yo pa janm bliye. Mèsi Grant Vialardi ak Komite Konsiltatif Veteran Lewisboro pou enspirasyon yo ak asistans yo nan adopte lwa sa a".

S.5834/A.5673 deziyen yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Konte Orange kòm Otowout Memoryal Veteran Lagè Katolik.

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Lè nou deziyen Otowout Memoryal Veteran Lagè Katolik nan Konte Orange, nou asire anpil nan eritaj veteran lokal nou yo ap kontinye viv. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa nou an".

**Manm Asanble Christopher Eachus te deklare,** "Jou Veteran yo ba nou tan pou nou vrèman reflechi epi rekonèt gason ak fanm vanyan Fòs Lame Etazini yo ki te sèvi ak fè gwo sakrifis pou libète nou jwi yo. Pou distri mwen an, pwojè lwa A5673 pou deziyen Otowout Memoryal Veteran Lagè Katolik la se yon fason ki piti men pwisan pou onore enpak pozitif sa yo ak anpil lòt gwoup pou kominote lokal nou yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske w rekonèt enpòtans pwojè lwa sa a ak pou gwo angajman w anvè tout veteran New York yo".

S.5394A/A.119A etabli Meday Komemoratif Lagè Irak la pou manm fòs lame ki sèvi aletranje nan Lagè Irak la soti 20 mas 2003 jiska 31 desanm 2021.

S.5372A/A.121A etabli Meday Komemoratif Lagè Afganistan ak Irak pou manm fòs lame ki sèvi nan Lagè Afganistan nan 7 oktòb 2001 jiska 30 out 2021.

**Manm Asanble William Magnarelli te deklare,** "Veteran Lagè Irak ak Afganistan yo te sèvi avèk bravou ak kouraj. Meday komemoratif Eta New York yo ofri rekonesans ak apresyasyon pou moun ki te sèvi nan lagè sa yo. Tout veteran merite rekonesans pou sèvis ak sakrifis yo, ansanm ak rekonesans".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)